



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 2.4 MILYON DOLA POU DIVÈSIFYE
MENDÈV MEDIKAL LA**

***Eta New York double investisman pou elaji pwogram divèsite yo ke Fakilte
Medsin Asosye New York yo jere epi ap sèvi plis pase 800 etidyan***

***Anviwon 20 pousan nan tout elèv medsin yo nan New York soti nan popilasyon
Nwa ak Ispanik/Latino, Abitan Zile Pasifik ak Endyen Amerik***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta a te double investisman li - kote li angaje plis pase 2.4 milyon dola - nan pwogram divèsite ke Fakilte Medsin Asosye New York (Associated Medical Schools of New York, AMSNY) yo jere pou ede atire plis etidyan ki tradisyonèlman pa byen reprezante nan mendèv medikal la. Fonde an pati atravè Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a, pwogram sa yo fèt pou ankouraje etidyan yo ki soti nan milye ki tradisyonèlman pa byen reprezante yo antre nan medsin - sa gen ladan sila yo ki se Nwa, Ispanik/Latino, Abitan Zile Pasifik oswa Endyen Amerik - pou yo aksepte yo nan fakilte medsin nan New York epi fini etid yo.

"Pandan twò lontan, kominote koulè yo nan New York te fè fas ak disparite nan aksè yo nan swen sante epi te sibi rezilta sante ki pi ba, tou de te mennen an pati nan mank reprezantasyon yo nan domèn medsin", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan double angajman nou pou pwogram yo ki defann divèsite nan medsin, nou ka asire mendèv sante eta nou an pi reprezantatif nan popilasyon eta nou an ak ede repare domaj istorik yo".

Pandan plis pase 30 pousan popilasyon eta a se Nwa oswa Ispanik, gen sèlman 12 pousan doktè ki reprezante done demografik sa yo. Rechèch yo montre ke pasyan ki konsilte doktè ki soti nan menm milye ak yo gen pi bon rezilta sante, sa ki fè divèsifye mendèv doktè eta a obligatwa pou amelyore sante jeneral Nouyòkè yo ak abòde disparite yo.

Kounye a, Eta New York ap bay plis pase 2.4 milyon dola pou divèsite nan pwogram medsin yo, ki fèt pou konble twou vid ki genyen nan pwofesyon medikal la, sa ki double angajman finansman li te pran ane pase a. Finansman sa a sipoze sèvi plis pase 800 etidyan atravè inisyativ divèsite nouvo ak inisyativ ki deja egziste, tankou Bridges to

Medicine, pwogram reyisi AMSNY apre bakaloreya nan SUNY Downstate Health Sciences University.

Komisè Sante Eta New York, Doktè Mary T. Bassett, te diskite sou enpòtans angajman sa a jodi a pandan yon evènman nan SUNY Downstate, ak fason pwogram sa yo ap ede bati divèsite nan fakilte medsin yo nan tout eta a. Pou premye fwa, apeprè 20 pousan nan tout etidyan medsin nan New York kounye a soti nan popilasyon tradisyonèlman ki pa byen reprezante, tankou popilasyon Nwa ak Ispanik/Latino, Abitan Zile Pasifik la ak Endyen Amerik.

Komisè Depatman Sante a, Doktè Mary Bassett, te deklare, "Gen kèk bagay ki pi enpòtan nan objektif nou pou amelyore ekite sante pase travay pou asire ke pwofesyon medikal la osi divèsifye menm jan ak Nouyòkè ke y ap sèvi yo. Gen yon vwa ou fè konfyans ak yon moun ki konprann aspè inik nan eksperyans lavi ou ka chanje konpreyansyon yon moun sou pwòp sante li. Finansman sa a fè yon investisman nan moun ki fè sa tounen yon reyalite, epi li pral ede pou ane k ap vini yo nan amelyore divèsite, ekite ak enklizyon pou atenn pi bon rezilta sante pou moun yo tradisyonèlman pa byen sèvi yo".

Bridges to Medicine, ki te lanse an 2017, se yon seri etid apre bakaloreya ki dire yon ane ki fèt pou ogmante reprezantasyon etidyan ki soti nan milye ki tradisyonèlman pa byen reprezante ak gen reyalite sosyal ak ekonomik ki ba k ap chèche admisyon nan fakilte medsin yo. Akredite kòm pwogram Metriz nan Fizyoloji an 2020, elèv yo patisipe nan klas miks kòm elèv medsin premye ane.

Nan 57 etidyan medsin ki enskri nan Bridges to Medicine ant 2017 ak 2021, yo te aksepte 88 pousan nan fakilte medsin yo. Anplis de sa, yo te koresponn sis etidyan nan premye gwoup pwogram nan ak SUNY Downstate pou rezidans yo.

Anplis Bridges to Medicine, investisman eta a ap sipòte nouvo inisyativ inovatè pou asire elèv ki pa byen reprezante yo pare pou fakilte medsin. Finansman an ap sipòte yon pwogram pou ankouraje atlèt gason Nwa ki enterese antre nan medsin; pwogram preparasyon MCAT; rechèch ak opòtinite pou obsève doktè; yon pwogram ki baze sou entènèt pou korespon elèv yo avèk konseye pwofesè yo; ak resous kominotè pou ede etidyan medsin yo avèk lojman, resous nitrisyonèl, ak lòt konpetans lavi, tankou konesans finansye.

Ogmantasyon nan finansman an ap sipòte tou plis elèv nan pwogram AMSNY ki deja egziste yo:

- Pwogram [Apre Bakaloreya](#) nan [Jacobs School of Medicine and Biomedical Sciences, University at Buffalo, SUNY](#); New York Medical College; Lekòl Medsin Renesans nan Stony Brook University; Norton College of Medicine nan Upstate Medical University;

- [Pakou nan Karyè nan Pwogram Medsin ak Rechèch](#) nan City College of New York.
- [Sant Resous Aprantisaj](#) nan CUNY School of Medicine.

Fakilte Medsin Asosye New York (Associated Medical Schools of New York, AMSNY), yon konsòsyòm ki gen 17 lekòl medsin piblik ak prive nan Eta New York, te lanse premye pwogram divèsite li yo an 1985 epi li te toujou bay opòtinite pou elèv ki pa byen reprezante yo pou prepare yo epi antre nan lekòl medsin. Depatman Sante eta a te bay finansman pou pwogram sa yo depi ane 2002 nan yon efò pou ede elaji demografik moun k ap antre nan pwofesyon medikal nan New York.

Prezidan ak direktè egzekitif jeneral Associated Medical Schools of New York la, Jo Wiederhorn, te deklare, "Angajman Depatman Sante eta a reprezante yon envestisman istorik nan rezèv doktè nan Eta New York epi li pral amelyore divèsite mendèv swen sante a. Pwogram nou yo te montre rezilta pou plis pase 35 ane epi kounye a nou pral kapab vrèman ogmante enpak la. Plis pase 94 pousan elèv ki nan kat pwogram Apre Bakaloreya AMSNY yo, ale nan fakilte medsin avèk apeprè mwatye nan espesyalite swen primè, souvan nan zòn defavorize yo".

Prezidan State University of New York Downstate, Doktè Wayne J. Riley, te deklare, "Enpak pwogram Bridges to Medicine te genyen sou kapasite etidyan nou yo pou yo fè tranzisyon nan premye ane fakilte medsin yo ankouraje nou. Nan yon kominote kote divèsite a tèlman gwo, anplis pou bay bon jan kalite swen sante, nou fyè dèske pasyan nou yo rekonèt epi apresye reflè orijin divèsifye ak inik yo. Pwogram Metriz Bridges to Medicine nou an se yon avantaj pou elèv yo ak yon pi gwo avantaj pou kominote a".

Senatè Eta, Jamaal T. Bailey, te deklare, "Divèsite ak reprezantasyon nan medsin enpòtan anpil pou rezoud disparite sante rasyal ki pèsistan yo. Li enpòtan anpil pou eta nou an kontinye envesti nan pwogram tankou Bridges to Medicine ki pral non sèlman ofri opòtinite pou etidyan koulè medsin yo, men tou ki pral amelyore sante kominote nou yo gras a plis aksè nan swen bon kalite ak kiltirèlman konpetan. Kominote nou yo merite genyen doktè yo fè konfyans ki konprann bezwen yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul, Komisè Mary Bassett, ak Depatman Sante Eta New York pou travay yo fè pou ogmante divèsite nan domèn medikal, kreye chemen ki mennen nan karyè nan medsin pou kominote koulè yo, epi enspire pwochen jenerasyon lidè nan swen sante yo".

Manm Asanble Brian Cunningham te deklare, "Mwen eksprime rekonesans mwen bay Depatman Sante Eta New York ak AMSNY pou lidèchip vizyonè ak sipò yo pou pwogram ki ogmante divèsite nan medsin", "Nou gen chans pou nou gen anpil etidyan ak pwofesyonèl medsin ki gen talan lakay nou nan Distri 43, isit la nan SUNY Downstate. Atravè finansman sa a, non sèlman n ap amelyore sèvis medikal ki disponib nan zòn defavorize yo tankou Brooklyn, men tou n ap bay etidyan BIPOC (Nwa, Endijèn, Moun Koulè) yo opòtinite san parèy. Pwogram sa yo pèmèt yon rezèv etidyan

medsin divèsifye pou swiv opòtinite yo te ka pa jwenn aksè otreman, kidonk nan non mwen menm ak elektè mwen yo, mwen remèsye ou".

Manm Asanble Pamela J. Hunter te deklare, "Mwen fyè anpil dèske mwen te defansè prensipal nan Asanble a pou finansman pwogram Divèsite nan Medsin pou plizyè bidjè eta. Ogmante divèsite doktè ak enfimyè nou yo mennen nan pi bon rezilta sante pandan n ap pèmèt nouvo pwofesyonèl nan domèn medikal ki envesti dirèkteman nan kominote yo. Mwen pa ka tann pou m wè ekspansyon pwogram sa yo ak anpil avantaj li pral genyen pou etidyan medsin nou yo ak pasyan alavni yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418